



Pou Piblikasyon Imedya: 29/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOJÈ 21.1 MILYON DOLA KI SOU PYE POU  
RANPLASE PON ADIRONDACK NORTHWAY LA NAN KONTE WARREN**

***Pwojè sou Route 9 Eta nan vil Lake George pral amelyore vwayaj sou atè vital  
Nò-Sid la***

***Foto yo disponib [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yon pwojè 21.1 milyon dola sou pye pou ranplase pon ki mennen nan direksyon nò ak sid Adirondack Northway (Interstate 87) sou Route 9 Etazini an nan vil Lake George, Konte Warren. Pwojè dezan an pral ranplase travès jimèl ki sitiye ant Sòti 22 ak 23 pa yon sèl estrikti ki pral amelyore sekirite epi amelyore vwayaj ak rezistans nan yon atè ki enpòtan anpil pou sikilasyon moun ak komès nan North Country ak Adirondacks. Nouvo pon an pral konstwi ant de pon ki egziste deja yo epi li pral gen yon dire lavi ki prevwa rive nan 75 ane, sa k ap ede asire ke wout esansyèl nò-sid sa a rete ouvè ak aksesib pou plizyè deseni k ap vini yo.

"Nou konsantre sou rebati enfrastrikti nou an epi asire rezo transpò nou an rete an sekirite - ede ranfòse ekonomi nou an epi pèmèt kominote yo pwospere", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè sa a pral amelyore vwayaj sou yon wout ki enpòtan anpil nan North Country epi ede kenbe Nouyòkè yo, vizitè yo ak komès yo an mouvman pandan plizyè deseni kap vini yo."

**Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Gouvènè Hochul ap fè envèstisman san parèy nan enfrastrikti atravè New York ki pral ede reyini moun ansanm ak estimile kwasans ekonomik ki pral pèmèt kominote nou yo pwospere. Northway se yon motè ekonomik ki ede kondwi komès pou North Country, Rejyon Kapital la ak odela, donk li enperatif pou nou fè tout sa nou kapab pou asire ke wout enpòtan sa a pare pou rankontre defi 21èm syèk yo, sa k ap pèmèt moun ak machandiz yo rive kote yo bezwen ale san danje epi avèk efikasite."

Seksyon Northway la ant Lake George ak Warrensburg, ansanm ak Route 9 Etazini an, se koridò enpòtan pou vwayaje ale ak anndan North Country ak Adirondacks.

Nouvo pon sa a pral ede fasilite vwayaj pou rezidan lokal yo, vizitè yo ak biznis yo ant Konte Warren ak kominote avwazinan yo. Pi lwen, Northway se yon koneksyon entènasyonal ki enpòtan anpil ak Kanada, epi li sèvi sikilasyon entè-eta ak entè-rejyonal tou.

Nouvo pon an pral yon pon ki gen plizyè pout an asye ak yon platfòm an beton, ak de travès epi ki mezire 323 pye longè. Li pral gen yon degajman vètikal ki gen yon minimòm 49-pye-6 pous pi wo pase Route 9 Etazini an.

Konstwi nouvo pon ant estrikti ki egziste deja yo pral pèmèt yo kenbe de sou twa liy vwayaj yo nan chak direksyon pandan pifò pwojè a, byenke rediksyon liy adisyonèl, peryodik ka nesèsè pafwa. Nan sezon prentan 2023, sikilasyon nan direksyon nò yo pral deplase sou nouvo estrikti a epi yo pral demoli pon ki egziste deja nan direksyon nò a pou rès nouvo pon an ka konstwi sou anprent sa a. Sikilasyon nan direksyon sid sou Northway la pral deplase sou nouvo pon an lè pwojè a fini nan ete 2024.

Pandan travay ap fèt nan Northway, limit vitès sou Interstate la te redwi a 88 kilomèt alè lè y ap apwoche ak nan zòn travay la, epi yo ankouraje otomobilis yo pou yo deplase akote, fizyone bonè, ralanti epi kondui yon fason responsab. Kontravansyon yo double lè gen eksè vitès nan yon zòn travay. Kondanasyon pou de (2) oswa plis vyolasyon eksè vitès nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans chofè yon moun.

Sikilasyon sou Route 9 Etazini an anba pon yo tou te redwi a yon sèl liy altène ki kontwole pa pano sikilasyon.

**Senatè Eta a, Dan Stec, te deklare,** "Plan pou ranplase pon Adirondack Northway yo sou Route 9 la se yon pwojè esansyèl. Zòn Lake George la se yon gwo atraksyon touristik ak yon motè ekonomik pou rejyon nou an e li enpòtan pou asire ke vwayaje isit la an sekirite epi aksesib. Ranfòsman enfrastrikti li yo ak ranplasman pon yo pral rann li pi fasil pou moun yo nan lokalite yo ak vizitè yo vin nan kominote nou yo epi peofite tout sa rejyon nou an gen pou ofri yo."

**Manm Asanble Matthew Simpson, te deklare,** "Ranplasman pon Northway yo sou Route 9 nan vil Lake George se yon pwojè byenveni ki pral amelyore anpil sekirite rezidan nou yo ak anpil vizitè yo nan North Country pou plizyè ane k ap vini yo. Kote ki afekte a te wè anpil aksidan pandan ane yo epi mwen kontan wè ke y ap ranplase li."

Otomobilis yo dwe sonje pou Mete yo sou kote, si li posib san danje, oswa pou yo ralanti anpil nenpòt lè yo rankontre veyikil sou bò wout la ki afiche limyè wouj, blan, ble, anb ak vèt, ki gen ladan veyikil antretyen ak konstriksyon nan zòn travay yo.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite [www.511NY.org](http://www.511NY.org) oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

Swiv DOT Eta New York nan Twitter: [@NYSDDOT](https://twitter.com/NYSDDOT). Jwenn nou sou Facebook nan [facebook.com/NYSDDOT](https://facebook.com/NYSDDOT). Pou resevwa twit ki soti nan DOT Eta New York Rejyon 1 (ki kouvri Rejyon Kapital la), suiv [@NYSDDOTALbany](https://twitter.com/NYSDDOTALbany).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418